



Pou Piblikasyon Imedya: 16/11/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE YO TE DISTRIPIYE YON MILYON PLAT MANJE BAY VETERAN, MILITÈ AK FANMI YO ATRAVÈ PATENARYA ETA NEW YORK AVÈK HELLOFRESH**

*Li te kòmanse konbat ensekirite alimantè pandan pandemi COVID-19 la, pwogram "Veteran ap Nouri Veteran" an chita sou patenarya piblik-prive pou bay repa ki fre ak sen pou moun ki nan bezwen*

***HelloFresh anonse sipò finansye kontinyèl pou pwogram sa a jiska 2023***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke yo te distribye yon milyon repa bay veteran New York yo, militè yo ak fanmi yo atravè yon patenarya ant Divizyon Sèvis Veteran (Division of Veterans' Services, DVS) Eta New York ak HelloFresh, pi gwo konpayi livrezon kit repa nan mond lan. Li te kòmanse konbat ensekirite alimantè ki te agrave pandan pandemi COVID-19 la, patenarya a fonde sou Inisyativ Nouri New York (Nourish New York) ki gen siksè a, yon efò plizyè ajans pou redui ensekirite alimantè ak sipòte pwodikti manje yo atravè eta a. An menm tan, Gouvènè Hochul te anonse ke HelloFresh te angaje li pou l finance pwogram nan jiska 2023 pou ede asire ke Nouyòkè yo ki te sèvi epi k ap kontinye sèvi jwenn aksè kontinyèl ak repa fre epi an sante.

"Pandan pandemi an, Nouyòkè yo te sezi okazyon an epi yo te mobilize pou ede moun ki pi vilnerab nou yo, ki gen ladan veteran nou yo ak fanmi yo, pandan sikonstans san parèy yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nou remèsye HelloFresh pou patenarya kontinyèl sa a, ki ede konbat ensekirite alimantè epi asire moun ki te sèvi gwo Eta ak Nasyon nou an kapab jwenn aksè nan manje fre ak an sante sou yon baz regilye".

"Nou dwe veteran nou yo ak fanmi militè yo yon dèt rekonesans ke nou p ap janm ka ranbouse nèt", **Gouvènè Adjwen an Antonio Delgado te deklare.** "Atravè patenarya sa a ak HelloFresh, nou pral kontinye adrese ensekirite alimantè veteran yo ak fanmi militè yo ap fè fas pandan sezon fèt la ak pi lwen. Se te yon onè pou m rejwenn zanmi ak veteran lokal yo nan katye jeneral Campaign Against Hunger jodi a pou selebre siksè pwogram nan epi pou kòmanse pwochen chapit li a".

Gouvènè Adjwen Delgado te rejwenn Direktè Egzekitif Jeneral HelloFresh US, Uwe Voss, pou mete aksan sou siksè pwogram nan pandan yon vizit nan katye jeneral Kanpay Kont Grangou a. Byen bonè jodi a, volontè veteran yo te anbale 2,000 kit manje

nan katye jeneral la ke yo pral delivre bay veteran ak fanmi militè pou fèt Aksyon Degras (Thanksgiving) la. Kit yo gen ladan kodenn ak akonpayman, ki gen ladan patat ris ak dous, seriz ak lòt fwi ak legim; kit mòso vyann poul ak fwomaj; ak kit joumou epi makawoni a pwa.

**Direktè Egzekitif Jeneral HelloFresh US, Voss, te deklare,** "Nou fyè espesyalman pou nou sipòte veteran ak fanmi militè yo - yon gwoup ki te sèvi peyi a yon fason dezenterese - men nou rekonèt gen travay toujou pou nou fè pou soulaje ensekirite alimantè epi fè manje fre aksesib pou tout Nouyòkè yo. Nou remèsye Eta New York ak patnè nou yo avèk Eta New York, Depatman Sèvis Veteran Vil New York, The Campaign Against Hunger ak Black Veterans pou ede fè yon enpak siyifikatif nan kominote a atravè pwogram Meals with Meaning nou an."

**Viviana DeCohen, Direktè Divizyon Sèvis pou Veteran Eta New York la, te deklare,** "Angajman sèvis la ap kontinye pou anpil moun, epi inisyativ sa a se yon bèl egzanjman veteran k ap sèvi veteran parèy yo ak fanmi militè yo. Okenn veteran, militè oswa fanmi militè pa ta dwe janm fè fas ak ensekirite alimantè. Nou felisite Gouvènè Hochul pou lidèchip li epi felisite HelloFresh pou jenewozite yo epi paske yo sèvi ak resous yo pou rezoud pwoblèm sa a. Nou remèsye tou patnè kominotè nou yo pou travay yo chak semèn pou kenbe pwogram sa a vivan".

HelloFresh ak Eta New York te kòmanse inisyativ "Veteran ap Nouri Veteran" (Veterans Feeding Veterans) nan mwa jen 2020. Veteran ak fanmi militè yo fè fas a ensekirite alimantè nan de fwa plis pase piblik la an jeneral epi pandan COVID-19, enpak sa a te vin pi gwo paske anpil moun pa te kapab kite kay yo akòz sante vilnerab. Pwogram nan te founi sekou pou veteran ki gen ant 20 ane ak 90 ane yo nan Vil New York, North Country ak Lwès New York.

**Komisè Biwo Asistans Tanporè ak Andikap la, Daniel W. Tietz, te deklare,** "Sa a se yon bèl egzanjman kolaborasyon ant gouvènman, biznis ak gwoup defansè pou konbat ensekirite alimantè pami moun ki te sakrifye anpil pou peyi yo. Gras a manje sa yo bay, veteran New York ak fanmi militè yo pral kontinye gen manje ki an sante ak nourisan, ansanm ak tout sa yo bezwen pou yon fèt Aksyon Degras".

**Komisè Depatman Agrikilti ak Mache Eta New York la, Richard Ball, te deklare,** Pandan nou p ap janm ka ranbouse dèt nou dwe pou veteran nou yo nèt, nou ka fè tout sa nou kapab pou sipòte yo epi leve yo yon fwa yo retounen soti nan sèvis yo. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul ak Hello Fresh nan travay yo pou konbat ensekirite alimantè. Patenarya kontinyèl sa a pral ede avanse misyon nou nan asire chak Nouyòkè ka mete manje sou tab yo, espesyalman gason ak fanm vanyan ki te goumen pou libète nou yo".

Chak semèn nan Vil New York, volontè ak Black Veterans for Social Justice ak The Campaign Against Hunger anbale epi rasanble kit manje gratis HelloFresh pou veteran, militè yo ak fanmi yo k ap fè fas ak ensekirite alimantè. Kit manje yo anbale nan katye

jeneral The Campaign Against Hunger epi distribye, avèk èd òganizasyonèl chak semèn Depatman Sèvis Veteran Vil New York chak semèn.

**Senatè Kirsten Gillibrand te deklare,** "Ensekirite alimantè nan mitan veteran nou yo ak fanmi militè yo se yon outraj moral ak nasyonal epi nou dwe egzije pi byen. Moun ki te sèvi yo te fè sakrifis enkwayab nan non nasyon nou an, epi nou gen yon obligasyon moral pou pran swen yo lè yo nan difikile. Asire ke veteran ak fanmi militè yo gen aksè a bon jan kalite manje se yon bagay enpòtan pou obligasyon moral sa a, pou kenbe preparasyon nan fòs ki an sèvis aktif nou yo, ak asire ke potansyèl rekrite yo wè militè a kòm yon karyè dezirab. Patenarya tankou inisyativ Veteran ap Nouri Veteran yo enpòtan anpil pou abòde pwoblèm nan, epi mwen vle remèsye HelloFresh pou kontribisyon ak efò yo nan nouri veteran nou yo ak fanmi militè yo atravè New York".

**Senatè eta a, Roxanne J. Persaud, te deklare,** "Jodi a, jis kèk jou apre nou te onore ak selebre veteran nou yo nan Jou Veteran yo, n ap selebre Distribisyon yon milyonyèm repa Inisyativ Veteran ap Nouri Veteran nan Eta New York la. Patenarya ki genyen ant Divizyon Sèvis Veteran eta a, Depatman Sèvis Veteran Vil New York ak HelloFresh nan bay manje a, se yon fason pou retabli diyite moun ki te sèvi peyi nou an. Se responsablite nou pou asire ke okenn veteran pa rete san repa epi mwen bat bravo pou patenarya sa a. Nou pral kontinye travay pou bay sèvis sipò pou veteran nou yo.

**Komisè Depatman Sèvis Veteran Vil New York la, James Hendon, te deklare,** "Nou menm nan Depatman Sèvis Veteran yo santi nou onore avèk yon milyonyèm repa sa a. Se yon lòt prèv ke lè nou travay ansanm kòm yon kominote, nou ka kreye inisyativ ak bati patenarya ki kapab konbat ensekirite alimantè pou veteran nou yo ak fanmi yo".

**Direktè Egzekitif ak Fondatè The Campaign Against Hunger, Doktè Melony Samuels, te deklare,** "N ap selebre etap enpòtan yon milyon manje HelloFresh! Patenarya The Campaign Against Hunger ak HelloFresh, Eta New York ak Vil New York chanje trajektwa ensekirite alimantè pami veteran nou yo. Veteran nou yo te sèvi peyi nou an, epi se responsablite nou pou nou restitiye ak satisfè bezwen ensekirite alimantè yo. Pandan n ap travay ansanm, n ap pote chanjman. Chak semèn, veteran sa yo sèvi kòm volontè nan The Campaign Against Hunger pou asire ke veteran parèy yo ak fanmi yo resevwa manje ki bon pou lasante. Antanke youn nan chanpyon batay kont grangou ki pi solid ak ki gen plis enpak nan Vil New York, TCAH gen onè pou sèvi veteran nou yo".

**Direktè Egzekitif Black Veterans for Social Justice, Wendy McClinton, te deklare,** "Repa sa yo te esansyèl pou Veteran yo, fanmi yo ak kominote a. Veteran yo ak fanmi yo benefisyè paske anpil veteran yo gen yon revni fiks ki pi ba oswa tou pre nivo povrete a, espesyalman sila yo ki gen fanmi. Manje sa yo non sèlman sove depans fanmi an, men pèmèt yo achte manje ki an sante epi pèmèt yo pase bon tan ak fanmi yo nan prepare manje a ansanm epi chita pou jwi yon repa ki kwit lakay yo an fanmi. Preparasyon repa òganizasyon patnè yo te pote limyè pou anpil veteran sou agrikilti, sou fason yo kiltive ak distribye pwodui yo. Anpil veteran ap angaje kounye a nan jaden katye yo kòm yon metòd terapi sante mantal kòm yon rezilta dirèk plis

konpreyansyon sou fason ensekirite alimantè afekte anpil Ameriken, espesyalman veteran".

### **Enfòmasyon sou Divizyon Sèvis Veteran yo**

[Divizyon Sèvis Veteran Eta New York](#) la, ki sèvi kòm ajans defans eta a pou veteran yo, militè yo, ak fanmi militè yo depi 1945, kenbe yon angajman nan tout ajans lan pou sèvi tout veteran yo, militè yo, ak fanmi militè yo nan yon pakèt domèn pratik, ki gen ladan reklamasyon ak kontestasyon pou avantaj ki soti nan Depatman Zafè Veteran Etazini, kontestasyon pou mizajou sou dechaj bay Depatman Defans (Department of Defense, DOD) Etazini an, ak reklamasyon pou avantaj Eta New York yo. Yo ankouraje Veteran yo, militè yo, ak fanmi militè yo pou yo kontakte Divizyon an nan [888-838-7697](tel:888-838-7697) oswa [sitwèb li a](#) pou rankontre — an pèsòn oswa vityèllman — ak yon Konseye Avantaj Veteran ki akredite pou adrese bezwen yo epi pou yo jwenn tout avantaj yo genyen yo. Swiv DVS sou [Facebook](#), [Instagram](#) ak [Twitter](#).

### **Enfòmasyon sou HelloFresh**

[HelloFresh](#) se pi gwo konpayi manje nan mond lan epi li opere sou 18 mache entènasyonal. An 2021, HelloFresh te delivre plis pase 450 milyon repa bay kliyan yo atravè peyi Etazini. Avèk yon enterè pou ede Ameriken yo manje yon fason pi dirab, HelloFresh se premye konpayi ki gen ki manje ki net an kabòn. Yo te nonmen HelloFresh pi bon sèvis kliyantèl Etazini pou kit repa an 2020 epi Newsweek te vote sèvis livrezon kit repa ki pi fyab nan Etazini an 2021 ak 2022. HelloFresh te fonde nan Bèlen an novanm 2011 epi li gen biwo nan Etazini nan New York, Chicago, ak Boulder.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418